

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa moal leupas tina basa. Ari sababna kitu, basa digunakeun ku manusa pikeun alat komunikasi. Nurutkeun Chaer (2010 kc. 1) basa boga fungsi utama pikeun pakakas komunikasi atawa interaksi antar manusa. Ku sabab, basa dipaké dina rupa-rupa kontéks situasi, balukarna muncul rupa-rupa ragam basa. Nurutkeun Suwito (dina Sudaryat, 2020 kc. 44), ragam basa téh biasana mangrupa istilah nu dipaké pikeun nyebutkeun salah sahiji variasi dina ma'na basa. Ayana ieu variasi basa téh kusabab kabutuh panyatur kana ayana komunikasi nu luyu jeung situasi dina kontéks sosialna. Unsur-unsur nu boga peranan penting dina kagiatan komunikasi nyaéta panyatur, pamiarsa, tempat komunikasi, jejer omongan, jeung suasana omongan. Sangkan basa kapiara, kudu ditetepkeun salah sahiji variasi basa pikeun dijadikeun ragam basa lulugu (baku) nu dipiharep bisa ngajalankeun komunikasi sacara éféktif ogé éfisién.

Dina nyarita, geus tangtu loba unsur kedaling rasa anu rék diébréhkeun. Tapi, panyatur nyarita kudu merhatikeun jeung saha nyarita, di mana tempatna, iraha waktuna, jeung kumaha suasanana. Komo dina komunikasi mah kudu ngarasa sugema jeung bisa nepi ka panyatur. Sakabéh basa moal tangtu ngaguluyur sacara sistematis, tapi dina rasa manusa mah pasti sok néangan rasa gumbira jeung butuh hiburan pikeun dirina sorangan. *Lucu* anu jadi patokan hiburan manusa téh biasana nyaéta hal-hal anu teu wajar jeung umum atawa nu *anéh* jeung *unik*.

Sudaryat (2020 kc. 45) nétélakeun makéna basa boh lisan atawa tulisan bisa lumangsung dina kedaling biasa, kedaling humoris, bisa kedaling campuran duanana. Humor geus jadi adat atawa kabiasaan nu geus nerap di lingkungan masarakat, luyu jeung pamadegan Hestiyana (2016 kc. 257) yén humor mangrupa pakakas hasil budaya ti hiji masarakat. Dina nyiptakeun rasa humor ngaliwatan polah ucap, panyatur jeung pamiarsa sakapeung nyieun komunikasi nu teu lancar jeung teu nyoko kana tata aturan makéna basa. Tapi ari humor mah bébas teu katalian ku aturan nu utamana mah pikeun diajar sabar nalika urang jadi bahan humor ku batur.

Panalungtikan ngeunaan humor raket patalina jeung budaya, filosofi, linguistik, jeung psikologi. Humor kaasup fénoména universal nu medar ngeunaan mekanisme jeung karakteristik nu sarupa jeung lintas budaya antara basa jeung budaya. Anu mindeng digunakeun dina kontéks budaya nu béda jeung humor nu aya dina interaksi antara anggota kulawarga, babaturan, jrrd. Ku kituna, humor ogé miboga karakteristik salaku alat pikeun ngaronjatkeun hubungan jeung papada manusa.

Munculna humor pasti aya sababna, aya hiji hal atawa kakuatan nu matak nyieun pikaseurieun nu disebut daya humoris. Daya humoris museur kana kakuatan wacana atawa tuturan basa dina nyieun hal anu pikaseurieun, seuri leutik, sempal guyon, ogé bobodoran. Daya humoris raket patalina jeung métafora, maksudna babandingan hiji hal jeung liana nu bisa ngabalukarkeun hal nu pikaseurieun. Patalina jeung masarakat Sunda, daya humoris teu bisa dipisahkeun. Ku kituna sangkan kumbuhna urang Sunda nu saluyu jeung tatakrama kudu miboga pola kabiasaan nu hadé, saupama dina komunikasi jeung interaksi manusa ayana sikep pikeun ngébréhkeun rasa simpati (Sudaryat, 2015 kc. 228).

Basa Sunda dina wacana humoris aya dina wangun komunikasi nu matak nimbulkeun rasa lucu atawa pikaseurieun. Dina kamekaran basa jeung sastra Sunda, tangtu bakal katempo unsur-unsur humorna. Dina majalah mangle contona. Aya rubrik husus anu medar ngeunaan carita-carita humor, nyaéta rubrik “Barakatak”. Dumasar wacanana, humor bisa dirasakeun mangpaatna saupama aya sarana nu ngarojong kana ébréhna éta humor, matalikeun hubungan humor jeung téhnologi mangsa kiwari média sosial jadi alat pikeun komunikasi sacara luas pikeun nyadiakeun aksés nu gancang ka pamakéna.

Salasahiji média sosial nu loba dipaké ayeuna nyaéta *YouTube*. Ieu média sosial *YouTube* téh minangka situs nomber dua anu pang populérna sadunya, ogé minangka situs anu mantuan ngaronjatkeun popularitas sakabéh basa. Loba nu muncul salaku nu nyieun kontén video *youtube* anu ilahar disebut *youtuber* Alexa (dina Santoso, 2018). Aya salasahiji carita fiksi anu mangsa baheula sumebar di tatar Sunda ngaliwatan média éléktronik *radio*, ieu fiksi téh ngandung caritaan anu hampang tapi jadi warna sorangan dina *radio Rama 104.7 FM*.

Raedy Muhammad Septiadi, 2021

WACANA HUMORIS DINA KONTÉN YOUTUBE @CANGHEGARRR OFFICIAL (ULIKAN SOSIOPRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lobana carita fiksi dina radio mangsa baheula, kapangaruhan ku jarang jeung hésé na masarakat meunangkeun hiburan. Dina lobana carita fiksi nu aya dina *radio Rama 104.7 FM*, acara Carita Ngeunah jeung *Segar* (salajengna di singget Cangehgar) nu dina basa Indonésia hartina *cerita enak/lucu dan segar*. Sabada di analisis, kapaluruh ayana salasahiji polah ucap humoris nu mibanda fungsi impositif. Fungsi impositif nu gunana pikeun ngedalkeun paréntah Lecch (dina Sudaryat, 2020 kc. 51).

- Mama : “Udin”
 Udin : “Muhun, Ma”
 Mama : “Ieu kasép bageurnya, pangmésérkeun Mama sangu di warung tegal nya kasépnya”
 Udin : “Muhun, antosannya Ma”
Intro : **“2 jam kemudian”**
 Udin : “Assalamualaikum. Ieu sareng Udin, sareng saha ieu?”
 Mama : “Udin, ari manéh dimana? Meuli sangu lila-lila teuing, ulinnya?”
 Udin : “Henteu Bu, sumpah. Abdi mah henteu ameng kamamana. Abdi téh nuju dijalan Bu, euh mésér sangu ka warung tegal. Ieu ogé nembé dugi di Cirebon naék beus. Paling énjing Bu, euh uwihna ka bumi nyandak sanguna mah.”

(<https://www.youtube.com/watch?v=AdlasdOv31Q>)

Nurutkeun Lecch (dina Sudaryat, 2020 kc. 51) aya opat fungsi, nya éta : (1) fungsi komisif, (2) fungsi impositif, (3) fungsi ekspresif, jeung (4) fungsi asertif. Tina opat fungsi di luhur ayana polah ucap fungsi impositif, lantaran nyumponan kontribusi pikeun méré ungkapan kana kagiatan ti panutur saacana. Wacana di luhur ngandung unsur humor atawa pikaseurieun, lantaran salah persépsina Udin nalika ku indungna dititah meuli sangu ka warung tegal, mangka harita hartina ceuk Udin kudu meuli sangu di warung nu aya di Tegal.

Dina ieu panalungtikan dipilih sosiopragmatik minangka péso analisis lantaran mangrupa wanda pragmatik nu maluruh sagala hal kaasup struktur basa salaku acuan tina tanda-tanda basa nu sipatna ékstralinguistik. Sangkan kaguar ogé aspék-aspék ma’na nu ditingali tina pola komunikasi panyatur jeung pamiarsana (Zamzani, 2007 kc. 26-27). Luyu jeung udagan ieu panalungtikan, nyaéta maluruh polah ucap humoris ngaliwatan daya humoris nu nyangkaruk sangkan meunangkeun fungsi humoris dina wacana cangehgar.

Wacana humoris @Cangehgarr Official boga fungsi komunikasi nu teu tangtu, sikep jeung gagasan aya nu di luar situasi lumakuna. Réa pisan wacana cangehgar diselapan ku humor anu sipatna aya di sabudeureun kahirupan manusa, humor wacana cangehgar boga ciri hasna sorangan lantaran kapangaruhan ku tokoh Udin anu sok jadi tokoh utama dina ieu acara.

Tulisan ngeunaan tindak tutur humoris téh geus réa, di antarana waé, “Tindak Tutur Humoris dalam Bahasa Sunda” (Nurjanah, dkk., 2016), “Literasi Humoris dalam Ragam Wacana Tulis Bahasa Sunda” (Sudaryat, 2016). Aya deui hasil panalungtikan dina wangun skripsi, di antarana waé dina basa Indonésia, (1) “Wacana Humor Berbahasa Sunda di Dalam Cangehgar” (Purwanto, 2017). Nu ngaguar ngeunaan wacana cangehgar dina analisis kontéks, réferénsi, jeung inférénsi. Salian ti éta, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan maké métode milah data. Hasil ieu panalungtikan kapaluruh yén dina kontéks aya (*rincian fisik, rincian, emosional, rincian perbuatan, jeung rincian campuran*), réferénsi endofora (katafora jeung anafora), eksofora, jeung inferénsi.

Upama dina basa Sunda aya, (1) “Tindak Tutur Humoris Dina Naskah Drama Longsér *Nu Garering Karya Dhipa Galuh Purba (Ulikan Sosiopragmatik)*” (Maulana, 2019). Nu ngaguar ngeunaan polah ucap humoris dina prinsip polah ucap humoris nu make ulikan sosiopragmatik, lantaran jarang kénéh nu mesék polah ucap humoris dina sosiopragmatik. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun ayana wacana nu ngarempak kana prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Sarta ayana pola interaksi rantayan ngaranté nu panglobana. jeung (2) “Polah Ucap jeung Daya Humoris Dina Akun Resmi Instagram @kangcartoon” (Maulina, 2020). Nu ngaguar wanda, polah ucap, jeung daya humoris dina media sosial nyaéta akun Instagram @kangcartoon. Kacindekan dina ieu panalungtikan téh loba polah ucap anu ngarempak kana prinsip komunikasi basa dikasangkungan ku kaayaan panyatur sarta pola nu digunakeun nyaéta tanya-jawab.

Sanajan téréh sarua nyaéta maluruh polah ucap humoris saperti panalungtikan tina skripsi nu diayakeun ku (Maulana, 2019) jeung (Maulina, 2020). Aya bédana jeung panalungtikan saméméhna ngeunaan objék garapanana, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta wacana cangehgar dina média sosial *youtube*. Ari

pangna dipilih ieu média lantaran sipatna *universal* tur kiwari pohara dipikaresepna Sakti & Much (dina Maulina, 2020 kc. 4). Upama bédana jeung (Purwanto, 2017) tina masalah nu rék diguar jeun hasil nu hayang kapaluruhna. Tangtu waé salian bédana, aya sasaruuan nu nyampak tina unggal panalungtikan hasil skripsi. Di mimitian ti objék, ulikan nu dipaké, jeung média nu dipaké pikeun ngaksés sumber data nu diperlukeun.

Hasil nu bakal kaguar dina ieu panalungtikan penting pikeun mikanyaho wanda polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, daya humoris, jeung pola interaksi dina wacana kontén *youtube @Cangehgarr Official*. Sajaba ti éta, kudu bisa nambahan élmu pangaweruh pikeun ngajembaran kaparigelan manusa ngagunakeun humor di sabudeureun lingkunganana. Dumasar pedaran di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Wacana Humoris dina Kontén *Youtube @Cangehgarr Official (Ulikan Sosiopragmatik)*” kudu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan leuwih gampang maluruh kana masalah-masalah dina ieu panalungtikan, di handap ieu dirumuskeun kalimah pananya.

- a. Kumaha wanda polah ucap humoris dina kontén wacana *youtube @Cangehgarr Official*?
- b. Kumaha fungsi polah ucap humoris dina kontén wacana *youtube @Cangehgarr Official*?
- c. Kumaha daya humoris dina kontén wacana *youtube @Cangehgarr Official*?
- d. Kumaha pola interaksi panyatur dina kontén wacana *youtube @Cangehgarr Official*?

1.3 Udagan Panalungtikan

1.3.1 Udagan Umum

Sacara umum udagan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun polah ucap humoris, fungsi humoris, daya humoris, jeung pola interaksi dina wacana humoris kontén *youtube @Cangehgarr Official*.

1.3.2 Udagan Husus

Sakumaha rumusan masalah nu aya, ieu panalungtikan miboga sababaraha udagan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta

- 1) Wanda polah ucap humoris dina kontén wacana *youtube* @Cangehgarr Official;
- 2) Fungsi humoris dina kontén wacana *youtube* @Cangehgarr Official;
- 3) Daya humoris dina kontén wacana *youtube* @Cangehgarr Official; jeung
- 4) Pola interaksi kontén wacana *youtube* @Cangehgarr Official.

1.4 Mangpaat

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang pragmatik jeung sosiolinguistik hususna dina polah ucap humoris basa Sunda anu ngalaman modernisasi ngaliwatan kontén *youtube* sarta pikeun acuan panalungtikan widang pragmatik séjénna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Hasil tina panalungtikan dipiharep bisa mangpaat dina sababaraha widang. Saperti,

- 1) Pikeun panalungtik leuwih ngajembaran paélmuana dina widang sosiopragmatik sarta jadi dadasar pikeun ngalaksanakeun panalungtikan satuluyna.
- 2) Pikeun sarana mahasiswa jeung masarakat umum nambahan élmu pangaweruhna maham polah ucap humoris dina média éléktronik.
- 3) Pikeun guru bisa nambahan pangaweruh ngeunaan matalikeun pangajaran jeung humor sangkan siswa kairut diajar.
- 4) Pikeun siswa leuwih maham perkara ayana humor dina Basa Sunda, tapi kumaha carana kagiatanana teu ngarempak aturan komunikasi basa.

1.5 Struktur Organisasi Tulisan

Sangkan ieu panalungtikan skripsi kasusun sacara sistematis sarta ngawangun kerangka anu utuh, ieu di handap ditétélakeun kumaha susunan ieu panalungtikan skripsi:

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan anu bakal dipaluruh ku panalungtik. Panalungtik ngajelaskeun ugens pikeun medar hiji téma anu keur ditalungtik. Sangkan panalungtikanana museur, satuluyna dijieun rumusan masalah anu dijéntrékeun kana sababaraha patalékan. Dituluykeun jeung tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung struktur organisasi skripsi.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab dipedar literatur-literatur jeung sumber anu rélévan kana téma panalungtikan skripsi. Sumber jeung literatur anu digunakeun bisa mangrupa buku jeung artikel jurnal atawa prosiding geunaan polah ucap humoris.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, metode jeung tehnik panalungtikan, sarta sumber data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil analisis tina rumusan masalah anu geus ditangtukeun bab saméméhna.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Ieu bab mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran anu dilakukan dina bab saméméhna. Salian ti éta, aya implikasi sarta rékomendasi hasil interprétasi panalungtik pikeun individu/lembaga anu aya patalina jeung eusi tina ieu panalungtikan.